

7 PRENSIP

#1

RENEOUVLAB

Adrese kesyon entegrite resous natirèl ak resous sosyal yo kote se sa yo ki baz yon planèt ki an sante epi se yo ki fondasyon jenerasyon k ap vini yo fas a demann lokal ak demann mondyal yo k ap chanje detanzantan. Sistèm pwodiksyon manje a dwe yon sistèm ki renouvlab poutèt pou sistèm natirèl ak sistèm sosyal nou konte sou yo yo epi ki repwodui tèt yo pandan plizyè mil ane kab kontinye fè sa. Sa vle di nou pwodui manje, nou konsève manje epi nou jere pwodiksyon an, epi nou konsome bon kalite manje ak valè nou dwe manje pandan n ap pwoteje tou de kilti manje sa yo, tradisyon, epi abitud, epi nou pwoteje enpòtans ak entegrite resous natirèl yo tankou tè jaden, tè a, dlo, lanmè, biyodivèsite epi semans, elvaj bèt, polinasyon, epi pwoteje lòt resous natirèl atravè prezèvasyon, konsèvasyon, restorasyon, regilasyon, epi bon jan jesyon ak itilizasyon.

#2

REZISTANS

Apiye sistèm ki dirab, epi ki adaptab ekonomikman parapò ak yon planèt k ap chanje tout tan. Sistèm pwodiksyon manje nou yo dwe gen rezistans poutèt pou yo kab fè mwens dega epi pou yo kab adapte yo- espesyalman lè gen move tan, lè gen move kondisyon ekonomik, epi lè gen boulvès sosyal. Sa vle di fò n pwodui manje, nou transfòme oswa konsève manje, epi nou konsome bon jan manje epi nou konsome valè ki nesè yon jan pou sa antre nan kad yon sistèm dirab epi ki estab, pandan sa pa ede ogmante difikilte nan chanjman klima a. Sistèm pwodiksyon manje ki rezistan kreye plis opòtinite pou adaptasyon klimatik epi plis opòtinite pou limite dega atravè ogmantasyon aktivite mikwobyen, retabli kalite tè a, ogmante fètilite tè a, diminye depandans sou gaz nan sèvi ak resous lokal yo yon fason ki dirab, nan pwoteje biyodivèsite agrikiltirèl, epi nan fè anpil lòt efò.

#3

EGAL EGO

Fè pwomosyon pou moun sipòte tèt yo yon fason ki dirab epi bay moun fason pou yo jwenn nitrisyon epi sistèm pwodiksyon manje ki jis pou tout moun. Fò sistèm pwodiksyon manje nou an ekkitab pou n pa kite pesonn dèyè kon sa moun sistèm pwodiksyon manje a depann de yo yo – sitou medam yo ak gwoup kiltivatè yo- gen posiblite pou yo fè ase lajan pou yo byen viv epi pou yo pa janm manke manje pou yo manje. Sa vle di fò nou travay pou nou: elimine povrete; asire sistèm pwodiksyon manje nou an kontinye anplwaye 1.6 bilya kiltivatè ki bezwen travay ki jis; epi asire kominote lokal yo gen kontwòl mwayen pou yo fè pwodiksyon manje, sa vle di jwenn tè, jwenn sibvansyon pou podui manje, jwenn lajan, epi pou yo gen kontwòl sou relasyon espirityèl ak relasyon materyèl ak tè a epi ak lanati.

#4

VARYETE

Kalite agrikilti ki rich epi ki gen anpil varyete, ki bon pou anviwònman an, ak eritaj kiltirèl. Fò sistèm pwodiksyon manje nou yo pwodui plizyè kalite manje pou nou kab konsève biyodivèsite agrikilti rich zòn pwason grandi, forè yo, dlo yo, tout sa ki gen lavi, tè patiraj, kote bèt pase lè y ap deplase, jèm plant ak jèm bèt kòm resous ak medikaman, jaden, semans, bèt moun gade, epi ak lòt bèt sovaj ki fanmi yo. Epi tou, sa pa vle di pwoteje epi konsève divèsite agrikòl sèlman men fò gen divèsite nan sa moun manje ki bon pou lasante, nan mache yo, nan teknoloji, epi nan posedi konesans lokal yo, nan tradisyon yo epi nan eritaj kiltirèl la – tout sa yo va sèvi kòm wout ki pote rezistans epi ki pote pi bon ranman pou kiltivatè, pou byennèt konsomatè yo epi pou sante yo, epi pou bon jan pwoteksyon anviwònman an.

7 PRENSIP

#5 AN BÒN SANTE

Fè pwogrè Nan afè sante ak byennèt moun, bèt, anviwònman an, epi ak sosyete ki depann sou tou le twa. Sistèm pwodiksyon manje nou yo dwe pote bòn sante pou nou tout – sante moun, sante bèt, sante anviwònman an, epi sante kominote a. Lè nou mete manje ki bon pou lasante, plizyè kalite manje, manje ki bon mache a dispozisyon jenerasyon ki la kounye a epi a dispozisyon k ap vini yo, sa ap vle di n ap elimine malnitrisyon sou tout fòm. Sa ap vle di n ap asire tout sektè ki pran pa nan sistèm pwodiksyon manje a – soti nan pwodiksyon pase nan preparasyon rive nan konsomasyon-tout va jwenn pwoteksyon pou evite kontaminasyon ki gen rapò ak jan yo pwodui manje yo epi ak kontaminasyon ki gen rapò ak anviwònman an tankou polisyon nan lè a ak polisyon nan dlo epi kontaminasyon pestisid. Sa vle di tou, apiye wòl manje nan jan sa bay aktivite sosyal, aktivite famiyal ak aktivite kiltirèl plis enpòtans.

#6 TOUT MOUN LADAN

Asire gen tout kalite moun ak òganizasyon k ap kolabore ansanm kote yo esplike sa y ap fè aklè, kote yo pataje pouvwa, epi yo pran desizyon ki demokratik, yo pran desizyon ansanm, epi yo poze kèk aksyon nan tèt ansanm ki aji sou sistèm pwodiksyon manje an pou byen tout popilasyon an. Sistèm pwodiksyon manje nou an dwe enkli moun k ap pwodui manje, moun k ap prepare pwodiksyon yo, ak moun k ap manje manje yo ni nan zòn riral yo ni nan vil yo, ni peyi pòv ni peyi rich. Sa vle di gouvènans mondyal la bati sou prensip demokratik, sou pouvwa pataje, sou patisipasyon tout moun, kote desizyon yo pran fèt nan yon fason ki demokratik, ki enkli moun ki pwodui manje yo ak popilasyon ki pi soufri akòz grangou ak malnitrisyon, epi lè gen konvèsasyon k ap fèt sou avni pwodiksyon manje, gen tout yon seri moun ak òganizasyon ki pran pa nan konvèsasyon sa yo kote yo byen angaje yon fason ki transparan epi ki otantik.

#7 YOUN KONEKTE AK LÒT

Eseye konprann enplikasyon pou jan pwodiksyon manje, moun, epi planèt la konekte youn ak lòt nan kad tranzisyon pou yon sistèm pwodiksyon manje ki pi dirab. Sa ki kreye sistèm pwodiksyon manje nou an dwe konekte youn ak lòt. Fò nou konprann jan kèk pati nan sistèm nan depann de lòt pati nan sistèm nan, pandan nou rekonèt rezo konplike dinamik ak entèraksyon ant diferan pati nan sistèm nan. Sa vle di veye, eseye konprann, epi entèprete enplikasyon bagay ki konekte youn ak lòt nan sistèm mondyal la. Fò nou fè refleksyon ki depase peyi, ki depase kèk sektè, ak lide yo fin defini aklè epi gade koneksyon ki genyen ant sa ki lokal ak sa ki mondyal, ant makwo ak mikwo, epi koneksyon ki genyen nan shema mondyal ak difikilte ki egziste nan tèl rejyon.